# KÚNDELIKLI TURMISTA ISLENETUǴIN JINAYATLARDIŃ PROFILAKTIKASI

**Seydullaeva Darbike Janabergen qızı**
**Berdaq atindagi Qaraqalpaq mamlektlik universiteti**
**70420113-Jınayat nızamshılıǵın qollaw teoriyası hám ámeliyatı 2-kurs magistrantı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.19941010**

**Annotaciya.** Ǵárezsizlik jıllarında elimizde ámelge asırılǵan keń kólemli reformalar processinde huqıqbuzarlıqlar profilaktikasın támiyinlewdiń ózine tán sisteması qáliplesti hám zaman talapları tiykarında onıń jumısı jolǵa qoyıldı.

Házirgi waqıtta huqıqbuzarlıqlar profilaktikası sistemasınıń tiykarǵı wazıypalarınan biri jámiyette qáwipsizlikti támiyinlew, atap aytqanda, xalıqtıń tınıshlıǵın, paraxatshılıǵın saqlaw, hár bir aymaqta turaqlılıqtı támiyinlew, puqaralardıń erkinlikleri menen nızamlı máplerin, yaǵnıy ómiri, densawlıǵı, abırayı hám qádir-qımbatın, múlkin hár qıylı kórinistegi topılıslardan qorǵaw bolıp tabıladı. Usi teziste ku'ndelikli turmista islenetug'in jinayatlardin' profilaktikasin na'tiyjeli sho'lkemlestiriw ma'seleleri ko'rip shig'iladi.

**Gilit so'zler:** profilaktika, zorliq, nizamlar, aldin aliw sharalari, huqiqbuzarliqlar profilaktikasi, u'git-nasiyatlaw.

Ku'ndelikli turmís sheńberinde huqıqbuzarlıq islegen shaxstıń ishki ruwxıy dúnyaqarasın, onıń materiallıq, ruwxıy, ekonomikalıq hám turmıslıq processindegi mútájliklerin, emocionallıq erk-ıqrar dárejesin, jámiyetke qarsı ózgesheliklerin úyreniwge ayrıqsha itibar qaratıw hám bul túrdegi jınayatlardıń kelip shıǵıw sebeplerin analizlew lazım.

Sebebi, ku'ndelikli turmís tarawında islengen qılmıslar nátiyjesinde shaxslar haqqında joqarıda kórsetilgen ózgeshelikler hár tárepleme úyrenilmesten qalınsa, onı erte aldın alıwǵa baylanıslı profilaktikalıq ilajlardı ámelge asırıwdıń nátiyjesi júdá tómen bolıwı múmkin. Bunıń ushın hár bir júz bergen huqıqbuzarlıqlar huqıq-qorǵaw ornı baslıǵı hám máhálle jáne sektor kesiminde analizler tiykarında arnawlı hám ulıwma profilaktikalıq ilajlar ámelge asırıladı.

Ku'ndelikli turmís tarawında zorlıq hám onıń menen baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń kelip shıǵıwı yamasa júz beriwin talap etiwshi faktorlardı anıqlaw hám huqıqbuzarlıqlar profilaktikasın ámelge asırıwdıń huqıqıy tiykarların Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, "Ishki isler uyımları haqqında"ǵı, "Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası haqqında"ǵı, Ózbekstan Respublikasınıń "Hayal-qızlardı kúsh kórsetiw hám zorlıqtan qorǵaw haqqında"ǵı 2019-jıl 2-sentyabr kúngi 561-sanlı Nızamı, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Hayal-qızlardı kúsh kórsetiw hám zorlıqtan qorǵaw sistemasın jetilistiriw ilajları haqqında"ǵı 2020-jıl 4-yanvar kúngi 3-sanlı qararı, "Jas óspirimler arasında qadaǵalawsızlıq hám huqıqbuzarlıqlar profilaktikası," "Adam sawdasına qarsı gu'resiw" haqqinda nızami.

Ózbekstan Respublikasınıń "Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası haqqında"ǵı nızamına muwapıq, huqıqbuzarlıqlardıń ulıwma hám arnawlı profilaktikasın ámelge asırıw tártibi belgilengen. Nızamnıń 3-bap 22-statyasında huqıqbuzarlıqlardıń ulıwma profilaktikası haqqında túsinik berilgen.

Huqıqbuzarlıqlardıń ulıwma profilaktikası tómendegi eki toparǵa bólinedi:

Birinshiden, huqıqbuzarlıqlardıń júz beriw sebeplerin hám oǵan imkan bergen sharayatlardı anıqlawǵa qaratılǵan usıllardı quraydı. Bul usıllardıń ózgesheligi sonda, olar tuwrıdan-tuwrı profilaktikalıq nátiyje bermeydi (hám beriwi kerek de yemes). Usıǵan

qaramastan, usı usıllardıń huqıqbuzarlıqlardıń aldın alıw jumısınıń aqırǵı maqsetlerine erisiwdegi ornı hám áhmiyetin qádirlemew qáte boladı. Sebebi, bul processte aymaqtaǵı yamasa belgili bir toparlar arasındaǵı mashqalalar, kelispewshilikler hám huqıqbuzarlıqlardıń ulıwma kórinisi tallanadı.

Ekinshiden, huqıqbuzarlıqlardıń júz beriw sebeplerin hám oǵan imkan bergen sharayatlardı saplastırıwǵa qaratılǵan ilajlar (máselen, ushırasıw, bayanat, úgit-násiyat hám sol sıyaqlı ilajlar) ámelge asırıladı.

Demek, ku'ndelikli turmís tarawında zorlıq penen baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń erte aldın alıwda, huqıqbuzarlıqlardıń arnawlı profilaktikasın ámelge asırıwda eń dáslep tómendegi ilajlarǵa itibar qaratadı:

aymaqlardaǵı kriminogen hám operativ jaǵdaylardı tallawǵa;

belgili bir orın yamasa orınlarda ku'ndelikli turmís tarawında zorlıq penen baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń júz beriwiniń kóbeyiwine;

Ishki isler uyımlarına puqaralardan ku'ndelikli turmís tarawında zorlıq penen baylanıslı huqıq hám erkinlikleri buzılǵanlıǵı haqqında kelip túsken arza hám shaǵımlarǵa;

belgili bir aymaq yaki orınlarda puqaralardıń ayırım nızam hám nızam astı hújjetlerin bilmeytuǵınlıǵı hám basqalar;

Ózbekstan Respublikası Hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodeksiniń 52-statyası hám basqa da statyalarına tiykarlanıp puqaralardıń qádir-qımbatına tásir etiwshi huqıqbuzarlıqlar islenip atırǵanlıǵı belgilengen bolıp, nızamnıń 4-bap 24-statyasında huqıqbuzarlıqlardıń arnawlı profilaktikası hám onı ámelge asırıw tiykarları keltirilgen.

Mámleketimizde ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalar sheńberinde xalıqtıń tınısh hám tatıw turmısın támiyinlew jáne jámiyetimizde nızamǵa boysınıwshılıq hám jámiyetlik qáwipsizlik mádeniyatın qáliplestiriwge ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Sonıń ishinde, jámiyetlik qáwipsizlikti támiyinlew baǵdarındaǵı jumıslardı "Xalıq máplerine xızmet etiw" principi tiykarında shólkemlestiriwdiń pútkilley jańa mexanizmleri menen tártip-qaǵıydaları engizilip, mámleketlik uyımlardıń jámiyetlik strukturalar menen óz-ara maqsetli birge islesiwi jolǵa qoyıldı.

Ózbekstan Respublikasınıń "Huqıqbuzarlıqlar profilaktikası haqqında"ǵı nızamınıń 28-42-statyalarında huqıqbuzarlıqlardıń jeke tártiptegi profilaktikalıq ilajları belgilengen. Bul nızamnıń 28-statyasında ishki isler uyımları, atap aytqanda, profilaktika inspektorları ku'ndelikli turmís sharayatındaǵı ǵayri sociallıq minez-qulıq, zorlıq hám onıń menen baylanıslı huqıqbuzarlıqlardı islewge beyim bolǵan, sonday-aq, huqıqbuzarlıq islegen shaxslardı anıqlaw, olardıń esabın júrgiziw hám olarǵa tárbiyalıq profilaktikalıq tásir kórsetiwge qaratılǵan jeke tártiptegi profilaktikalıq ilajlardı ámelge asıradı. Atap aytqanda:

ishki isler uyımları tárepinen ku'ndelikli turmísta ǵı zorlıq penen baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń jeke tártiptegi profilaktikası;

profilaktikalıq sáwbet;

rásmiy eskertiw;

huqıqbuzarlıqlardıń júz beriw sebepleri hám olarǵa imkan berip atırǵan sharayatlar haqqında xabardar etiw;

sociallıq reabilitaciyalaw hám sociallıq beyimlestiriw, profilaktikalıq esapqa alıw;

májbúriy emleniwge jiberiw;

hákimshilik qadaǵalawdı ámelge asırıwdı shólkemlestiriw arqalı támiyinleydi.[1]

Izertlewler procesinde ishki isler uyımları, atap aytqanda, profilaktika inspektorları tárepinen shańaraqtaǵı zorlıqqa baylanıslı huqıqbuzarlıqlardıń jeke tártiptegi profilaktikası ilajların qollanıwda bir qatar mashqalalardıń bar ekenligi anıqlandı.

Baqlawlar sonı kórsetedi, bul jaǵdaylar, bárinen burın, profilaktika inspektorlarınıń profilaktikalıq sáwbet ótkeriw, túsindiriw xatın alıw, rásmiy eskertiw, sociallıq reabilitaciyalaw hám sociallıq beyimlestiriw ilajların ámelge asırıwda profilaktikalıq esapqa alıw, májbúriy emleniwge jiberiw, hákimshilik qadaǵalawdı ámelge asırıwda shaxs, hayal-qızlar, balalar hám basqa kategoriyadaǵı shańaraq aǵzalarına tán ózgesheliklerge baylanıslı huqıqıy, pedagogikalıq hám psixologiyalıq bilimlerge iye emesligi, sonday-aq, turmıslıq tájiriybeniń jetispeytuǵını menen baylanıslı.

Joqarıdaǵı mashqalalardı saplastırıwda tómendegilerdi shólkemlestiriw maqsetke muwapıq:

hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodekske tiykarlanıp huqıqbuzarlıq islegen shaxslardıń elektron kórip shıǵıw ámeliyatın kúnlik monitoring etip barıw mexanizmin kúsheytiw;

hákimshilik juwapkershilik haqqındaǵı kodekske tiykarlanıp huqıqbuzarlıq islegen shaxslardı profilaktikalıq esapqa alıw ushın nızamnıń 36-statyasına tiykarlanıp, sud qararın ishki isler uyımlarına óz waqtında jiberiw mexanizmin názerde tutatuǵın oraylasqan maǵlıwmatlar alıw ámeliyatın engiziw;

hár bir kórip shıǵılǵan hákimshilik is boyınsha sud uyımlarınan alınǵan maǵlıwmatlar jámiyetlik qáwipsizlik departamenti keyingi orınlarda JQX qadaǵalawı astında profilaktika inspektorlarına jiberiw menen birgelikte olardı esapqa alıw qadaǵalawın kúsheytiw;

hár bir esapta turǵan shaxslardıń kategoriyaları tiykarında, elektron dizimleri qáliplestirilip, olar menen jeke tártipte profilaktikalıq ilajlardıń ámelge asırılǵan mexanizmlerin qáliplestiriw;

profilaktikalıq esapta turǵan shaxslarǵa abıraylı puqaralar hám trenerlerdi biriktiriw ámeliyatın kórip shıǵıw.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Тошкент: Ўзбекистон, 2023.- 40 б.
2. Инсон ҳуқуқлари умумжаҳон декларацияси (1948 йил 10 декабрь)/Бирлашган Миллатлар Ташкилоти Бош Ассамблеяси// http://constitution.uz/uz/pages/humanrights.
3. Rustambayev M.X.,Niyozova S.S. Viktimologiya Umumiy qism. Darslik// Toshkent: O`zbekiston Respublikasi Jamoat xavfsizligi universiteti, 2021. – 239b
4. A.Sayidov "Bola huqulari" Adolat markazi nashri 2014-yil. 224-b
5. Варчук Т.В. Виктимология: учеб.пособие для студентов вузов /Т.В.Варчук, К.В.Вишневский; под.пред. С.Я.Лебедева. –М.: Юнита-Дана, 2008. –С. 38.

[1] Rustambayev M.X.,Niyozova S.S. Viktimologiya Umumiy qism. Darslik// Toshkent: O`zbekiston Respublikasi Jamoat xavfsizligi universiteti,
2021. – 239b